# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

सावन महिन्ना के आजु पहिला सोम्मार हउवे अउर आजु ब्रम्हमुहूर्त से सरधालु काशी विश्वनाथधाम के पवित्र ज्योतिर्लिंग के सथही प्रदेस के सज्जों प्रमुख शिव मंदिरन में भगवान भोलेनाथ क जलाभिषेक कइ के पूजा–पाठ कइ रहल हवे। कांवडियन क जत्थों जगहि–जगहि सिवालयन में भगवान भोलेनाथ के जल चढ़ा रहल हवे। बनारस आवे वाले सज्जो शिव भक्तन पर आजु भिन्नही फूल बरसा के उनकर स्वागत कइल गइल। भोरे में मंगला आरती के सथहीं बाबा विश्वनाथ के दरसन क सिलसिला सुरू हो गइल। ओइजा पूरा दिन ढेरि संख्या में सरधालु लाईन में ठाढ़ होके दरसन पूजन करत रहले। गोरखपुर, संतकबीरनगर अउर चित्रकूट के सथहीं पूरबी उत्तर प्रदेस के कई गो अउरियो प्रमुख शिव मंदिरन में दिनभर सरधालुअन के भारी भीडि रहे।

येह बिच्चे सावन के महिन्ना में कांवड़ यात्रा के सुचारू संचालन बदे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में एगो उच्च स्तरीय समीक्षा बइठकी कइलें। उहां के अधिकारियन के निरदेस दिहली कि कांवड यात्रा सान्तिपूर्ण अउर सुरक्षित वातावरण में चले के चाही। उहां के कहलीं कि सरधालुअन के सुविधा अउर सुरक्षा सरकार क सर्वोच्च प्राथमिकता हउवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बेसिक शिक्षा विभाग के स्कूलिन के पेयरिंग व्यवस्था के विद्यार्थियन, अभिभावकन अउर सिक्षकन के हित में बतवले हवे। विभाग के एगो उच्च स्तरीय समीक्षा बइठकी में आजु मुख्यमंत्री कहलें कि येह से खाली संसाधन के बढ़िया उपयोगे नाही होई बलुक सिक्षा के गुणवत्तों में सुधार सुनिश्चित कइल जा सकी। बइठकी में पेयरिंग व्यवस्था से खाली भइल स्कूलिन के बिल्डिंग के सदुपयोग के बारे में चर्चो भइल। प्रस्तुत हउवे एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने अधिकारियों को निर्देश दिया कि पेयरिंग व्यवस्था से खाली हुए विद्यालय भवनों में बाल वाटिकाएं तथा प्री प्राइमरी स्कूल संचालित किए जाएं। साथ ही इन भवनों में आंगनबाड़ी केंद्रों को स्थानांतरित किया जाए ताकि शिशु शिक्षा का आधार सुदृढ़ हो और विद्यालय परिसरों का उपयोग बहुपर्यायी हो सके। मुख्यमंत्री ने यह प्रक्रिया शीघ्र पूरी करने का निर्देश दिया। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक**

बइठकी में अध्यापकन के खाली भइल पदन के भरले, लइकन के ड्रेस अउर पाठ्य सामग्री के धनरासि के अभिभावकन के खाता में भेजले, स्कूल चलो अभियान के मजबूत कइले अउर हर पात्र लइका के स्कूलि क सुविधा दियवले के बारे में खास तौर से चर्चा कइल गइल।

**********

एक्सियोम–फोर मिशन पर गइल भारतीय अंतरिक्ष यात्री ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला अउर तीन गो अउरियो अंतरिक्ष यात्री बिहने धरती पर पहुंचि जइहें। ई जनकारी विज्ञान आ प्रौद्योगिकी मंत्री डाक्टर जितेन्द्र सिंह दिहलें। उहां के बतवलीं कि ई सज्जो लोगि बिहने तिजहरियां करीब तीनि बजे धरती पर पहुंचि जइहें।

**शुभांशु शुक्ला और तीन अन्य अंतरिक्ष यात्रियों को वापस लौटने के बाद उन्हें फ्लाइट सर्जनों के निरीक्षण में सात दिन रखा जाएगा ताकि वे वापस धरती के गुरुत्वाकर्षण में समायोजित हो सकें। शुभांशु शुक्ला ने अंतरिक्ष केन्द्र में भारतीय वैज्ञानिकों द्वारा विकसित सात प्रयोग किए। अपने विदाई भाषण में शुभांशु शुक्ला ने अपनी अंतरिक्ष यात्रा को अविश्वसनीय बताया। शुक्ला को लेकर एक्सिओम–4 मिशन 26 जून को आईएसएस के लिए रवाना हुआ था। समाचार कक्ष से मनोज।**

**********

भारत सरकार क युवा कार्य मंत्रालय येह महिन्ना के अठारह से बीस तारीख ले बनारस में तीनि दिवसीय युवा आध्यात्मिक शिखर सम्मेलन, ''विकसित भारत के लिए नशामुक्त युवा'' क आयोजन करी। शिखर सम्मेलन क प्रमुख उद्देश्य नौजवानन के अगुवाई में नशा मुक्ति पहल बदे पुरहर राष्ट्रीय रणनीति बनावल हउवे। येह संबंध में आजु नई दिल्ली में केंद्रीय युवा कार्य मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया बतवले कि ई सम्मेलन नौजवानन के अगुवाई में नशा मुक्ति आंदोलन के राहि प्रशस्त करी।

**********

प्रदेस क राजधानी लखनऊ के स्वच्छता सर्वेक्षण दुइ हजार चउबीस में पूरा देस में तिसरा स्थान मिलल हउवे। पछिली बेरि के रैंकिंग में लखनऊ के चउवालिसवां स्थान मिलल रहे। येह उपलब्धि के नगर निगम लखनऊ के कोसिस के साथे–साथे लखनऊ के लोगिन के जागरूकता अउर भागीदारी के परिणाम के तौर पर देखल जा रहल हउवे।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस में गोरखपुर के सथहीं कई गो अउरियों जिलन में आजु तिजहरियां मध्यम से लेके तेज बरखा भइल। येह से लोगिन के भीसण गरमी अउर उमस से राहत मिलल हउवे। मौसम विज्ञान विभाग बिहने अउर परसो सोरह जुलाई के पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं भारी बरखा भइले अउर बिजुलियो गिरले क चेतावनी देहले हउवे।

येह बिच्चे प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी हिस्सन में भइल मानसूनी बरखा से कई गो नदियन क जलस्तर बढ़ले से बाढ़ि जइसन स्थिति हो गइल बाटे, जवने के लेके बिसेस सावधानी रक्खल जा रहल हउवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बरखा से सहरी क्षेत्रन में हो रहल जल भराव अउर नदियन के जलस्तर में हो रहल बढ़वार के लेके आजु लखनऊ में एगो उच्च स्तरीय समीक्षा बइठकी कइलें। उहां के अधिकारियन के निरदेस दिहलीं कि येह स्थिति से आम लोगिन के कवनहू तरह क परेसानी नाही होखे के चाहीं।

**********